

TENGARA WAYAH ING BASA JAWA

Mira Arlisa, Dr. Murdiyanto, M.Hum

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

mira_arlisa@yahoo.co.id

Abstrak

Panliten tengara wayah ing basa Jawa iki nduweni punjer panliten, yaiku apa wae jinise perangan leksikal kang bisa dadi tengara wayah lan apa wae jinise perangan gramatikal kang bisa dadi tengara wayah ing basa Jawa. Adhedhasar punjere panliten, ancase panliten iki ngandharake lan njelentre hake jinise perangan leksikal lan perangan gramatikal kang bisa dadi tengara wayah ing basa Jawa. Panliten ngenani tengara wayah ing basa Jawa iki kalebu ing jinis panliten sinkronis, amarga dhata kang dinggo mujudake basa Jawa ing jaman saiki. Teori sing digunakake yaiku teori transformasi generatif Chomsky. Dhata kang digunakake yaiku ukara-ukara kang ngemu perangan leksikal lan perangan gramatikal kang bisa dadi tengara wayah ing basa Jawa. Dhata dhasar iki dijupuk saka kalawarti Panjebar Semangat lan dhata kang asipat intuitif. Tata cara panglumpuke dhata kanthi metodhe cathet. Tata cara panjlentrehe dhata kanthi metodhe agih utawa dhistribusional kanthi teknik ngambakake lan teknik nambahi. Dene tata cara panyuguhe asil panjlentrehe dhata kanthi formal lan informal.

Panliten ngenani tengara wayah ing basa Jawa iki ngasilake dudutan yen tengara wayah dumadi saka perangan leksikal lan perangan gramatikal. Tengara wayah arupa perangan leksikal kasebut diperang dadi telu, ing antarane yaiku (1) perangan leksikal tengara wayah kepungkur, (2) perangan leksikal tengara wayah saiki, lan (3) perangan leksikal tengara wayah tembe. Perangan leksikal tengara wayah kepungkur bisa diandharake lumantar (1) perangan leksikal ‘wis’, (2) perangan leksikal ‘mentas’, (3) perangan leksikal ‘nalika’, (4) perangan leksikal ‘bubar’, lan (5) perangan leksikal ‘lagi wae’. Perangan leksikal tengara wayah saiki bisa diandharake lumantar (1) perangan leksikal ‘lagi’, (2) perangan leksikal ‘isih’, (3) perangan leksikal ‘nedheng-nedhenge’, lan (4) panandha leksikal zero . Dene perangan leksikal tengara wayah tembe bisa diandharake lumantar (1) perangan leksikal ‘arep’, (2) perangan leksikal ‘bakal’, (3) perangan leksikal ‘durung’, lan (4) perangan leksikal ‘meh’.

Saliyane kuwi, tengara wayah arupa perangan gramatikal uga dumadi saka telung perangan, yaiku (1) perangan gramatikal tengara wayah kepungkur, (2) perangan gramatikal tengara wayah saiki, lan (3) perangan gramatikal tengara wayah tembe. Perangan gramatikal tengara wayah kepungkur kaandharake lumantar (1) perangan gramatikal ater-ater {ka-}, (2) perangan gramatikal ater-ater {ke}, (3) perangan gramatikal wuwuhan {ke-/an}, lan (4) perangan gramatikal seselan {-in-}. Perangan gramatikal tengara wayah saiki bisa kaandharake lumantar (1) perangan gramatikal ater-ater {a-} lan (2) perangan gramatikal seselan {-um-}. Dene perangan gramatikal tengara wayah tembe bisa diandharake lumantar (1) perangan gramatikal {dak-}, (2) perangan gramatikal panambang {-a}, (3) perangan gramatikal panambang {-ana}, lan (4) perangan gramatikal panambang {-en}.

PURWAKA

Landhesane Panliten

Tengara wayah (basa Indonesia: *aspek kewaktuan*) ing basa Jawa mujudake perangan leksikal lan uga perangan gramatikal. Tengara wayah arupa perangan leksikal diwujudake lumantar panandha wayah kang nyethakake sawijine kedadeyan kang lagi dumadi, durung dumadi, bakal dumadi, lan sapiturute. Dene tengara wayah arupa perangan gramatikal diwujudake lumantar owah-owahan morfologis tembung kriya kang bisa nuduhake wektu dumadine kedadeyan.

Ing basa Jawa, anane tengara wayah arupa perangan leksikal dijalari amarga ana panemu kang ngandharake yen basa Jawa ora ngenal tengara wayah lumantar kategori morfologi utawa owah-owahan tembung kriya. Bab kasebut cundhuk karo andharane Verhaar (1982:69) yaiku sajrone basa Indonesia lan saperangan akeh basa dhaerah ing Indonesia ora nduweni konstituen morfemis verbal kanggo

ngandharake tengara wayah. Mula saka kuwi, tengara wayah kaandharake nggunakake perangan leksikal arupa tembung panandha wayah kaya dene *wis*, *lagi*, *arep*, lan sapiturute. Tengara wayah arupa perangan leksikal iki mujudake bab kang wigati amarga bisa nemtokake wektu dumadine kedadeyan. Anane perangan leksikal kasebut bisa ndadekake makna kedadeyan-kedadeyan tartamtu sajrone ukara.

Saliyane bab kasebut, pranyata tengara wayah ing basa Jawa uga bisa kaandharake lumantar perangan gramatikal. Bab iki ngemu teges yen anane panemu kang ngandharake yen basa Jawa ora ngenal tengara wayah lumantar owah-owahan tembung kriya iku kurang trep. Bab kasebut kasengkuyung dening andharane Comrie (1985:9) yen “*tense is grammaticalised expression of location in time. On the one hand, this can be viewed as purely definitional.*” Ing basa Indonesia babagan kasebut bisa ditegesi kaya mangkene “*kala adalah ungkapan gramatikal lokasi dalam waktu. Di satu sisi, hal ini dapat dilihat sebagai*

definisi yang murni.“ Dadi bisa didudut yen tengara wayah kuwi uga kalebu kategori utawa perangan gramatikal. Tengara wayah arupa perangan gramatikal kasebut diandharake nggunakake owah-owahan tembung kriya. Anane bab kang kaya mangkono mung dumadi ing basa Jawa, basa Inggris, lan basa-basa liyane kang nduweni owah-owahan tembung kriya kanggo ngandharake tengara wayah.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa diweruhi yen tengara wayah nduweni guna kang wigati kanggo nglungguhake salah sijine kedadeyan sajrone garis wektu kang digambarake kanthi garis *horizontal* ‘lurus’. Tengara wayah kang mapan ing garis *horizontal* ‘lurus’ nduweni teges yen wektu lumaku saka titik wektu tartamtu tumuju titik wektu sabanjure. Bisa dikandhakake yen tengara wayah nduweni guna kanggo meruhi kapan kedadeyan kuwi dumadi. Babagan iki minangka perangan kang wigati kanggo nyusun makna kang utuh sajrone ukara.

Kejaba cara ngandharake tengara wayah ing ndhuwur, sejatine saben basa nduweni cara kang beda-beda kanggo ngandharake tengara wayah. Tuladhane ana basa kang ngandharake tengara wayah nggunakake perangan leksikal wae lan ana uga basa kang ngandharake tengara wayah nggunakake perangan gramatikal wae. Semana uga basa Jawa uga nduweni cara kang beda kanggo ngandharake bab tengara wayah. Tengara wayah ing basa Jawa ora kaya basa Inggris kang kaandharake kanthi gramatikal, nanging bisa uga kaandharake kanthi leksikal lan uga gramatikal. Kabeh kuwi nduweni sesambungan kang rumaket kang bisa nuwuhanake makna anyar.

Adhedhasar andharan-andharan ing ndhuwur bisa diweruhi yen tengara wayah ing basa Jawa perlu oleh tintingan kang luwih jeru maneh kanggo ngertené kaya apa sejatine kalungguhane kedadeyan kang mawa perangan leksikal lan perangan gramatikal, saengga bisa mujudake tengara wayah kang baku. Anane bab kang kaya mangkono, nuduhake yen perlu ana panlitén ngenani tengara wayah (*aspek kewaktuan*) ing basa Jawa. Adhedhasar panlitén kang wis katindakake sadurunge, tengara wayah ing basa Jawa kerep kaandharake lumantar salah sijine perangan wae, yaiku perangan leksikal wae utawa perangan gramatikal wae.

Kanggo nuduhake bab kang beda, mula panlitén ngenani tengara wayah ing basa Jawa kang arep katindakake bakal nintingi perangan leksikal lan perangan gramatikal kang bisa dadi tengara wayah kanthi nggunakake analisis sintaksis-semantis. Saliyane kuwi panlitén iki bakal nggunakake teori transformasi generatif kang nduweni paradigma sintaksis kang didhasari sesambungan semantik lan sesambungan sistemik. Teori kang kagunakake iki diajab bisa kanggo nintingi panlitén kanthi irah-irahan “Tengara Wayah ing Basa Jawa”.

Punjere Panlitén

Adhedhasar landhesan panlitén kang wis kasebut ing ndhuwur, bab kang bakal ditintingi sajrone panlitén iki yaiku :

1. Apa wae jinise perangan leksikal kang bisa dadi tengara wayah ing basa Jawa?
2. Apa wae jinise perangan gramatikal kang bisa dadi tengara wayah ing basa Jawa?

Ancase Panlitén

Adhedhasar punjere panlitén, panlitén nduweni ancas kaya kang kasebut ing ngisor iki.

1. Bisa nemokake jinise perangan leksikal kang bisa dadi tengara wayah ing basa Jawa.
2. Bisa nemokake jinise perangan gramatikal kang bisa dadi tengara wayah ing basa Jawa.

Paedahe Panlitén

Paedahe panlitén sajrone panlitén iki diperang dadi paedah teoretis lan paedah praktis kaya kang kaandharake ing ngisor iki.

(1) Paedah Teoretis

Panlitén iki bisa aweh piguna tumrap pangrembakane ilmu lan tata basa kang wis ana sadurunge. Saliyane kuwi, panlitén iki uga bisa menehi piguna ing pangrembakane kajian tengara wayah ing basa Jawa ing perangan leksikal lan uga perangan gramatikal.

(2) Paedah Praktis

Panlitén iki uga dikarepake bisa menehi paedah tumrap pangrembakane ilmu basa Jawa mligine ing subsistem sintaksis lan semantik. Panlitén ngenani tengara wayah iki diajab bisa nyampurnakake tata basa kang wis ana. Saliyane kuwi, panlitén iki bisa uga kango ngembangake materi pasinaon sintaksis lan semantik ing jurusan basa Jawa ing pawiyatan luhur. Kejaba saka kuwi, panlitén iki bisa kanggo ngembangake materi piwulangan basa Jawa ing sekolahán.

Watesane Tetembungan

Anane watesan panlitén iki diajab, anggone nliti ing tembe mburine ora bakal ana bab kang nggrambyang, mbleber tekan ngendi-endi lan bisa dititiki kanthi cetha. Watesane panlitén kasebut, yaiku (1) basa kang dinggo ing panlitén iki yaiku ragam basa ngoko. Ragam basa ngoko dipilih amarga anane pamawas yen basa ngoko kuwi minangka wujud primer basa Jawa. Ora ana basa krama kang ora ana basa ngokone, (2) dhata kang dinggo ing panlitén iki yaiku ukara-ukara kang ngemu tengara wayah arupa perangan leksikal lan uga perangan gramatikal mligine ing perangan crita rakyat, crita sambung, crita cekak, alaming lelembut, lan gelanggang remaja sajrone kalawarti Panjebar Semangat sarta dhata-dhata kang asipat intuitif.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Tengara Wayah ing Basa Jawa

Tengara wayah kuwi nduweni teges kang maneka werna yen diawas saka panemune para ahli basa. Tense ‘tengara wayah’ dening Kridalaksana (1984:83) ditegesi minangka pambeda wujud tembung kriya kanggo ngandharake pambeda wektu utawa

kahanan nalika manungsa nindakake pakaryan. Dene Lyons ngandharake bab tengara wayah ing bukune asesirah *Introduction to Theoretical Linguistics* (1968). Miturut Lyons, tetembungan tense ‘tengara wayah’ ing basa Inggris minangka teges saka tembung *tempus* (Latin) kang asale saka tembung *kronos* ‘wektu’ (Yunani). Saliyane kuwi, Lyons uga ngandhakake yen tengara wayah mujudake bab kang nyambungake wektu dumadine kedadeyan saka sawijine tumindak karo wektu pangucapan kang mujudake wektu saiki. Dene Weinrich (sajrone Rahyono, 1989) ngandhakake yen tengara wayah (Tempzrs) pranyata ora mung nduwensi jejibahan kanggo nglungguhake sawenehe kedadeyan ing garis wektu, nanging uga ngandharake aspek lan gunane sajrone wacana kang bakal maujud yen *persepsi* utawa pangira-irane tumrap kedadeyan kang diweroahi tuwuhaning wujud basa (Bull sajrone Rahyono, 1989).

Saliyane kuwi, Verhaar (1982:69) ngandhakake yen sajrone basa Indonesia lan saperangan akeh basa dhaerah ing Indonesia ora nduwensi konstituen morfemis verbal kanggo ngandharake tengara wayah. Andharan kasebut cetha ngemu teges yen tengara wayah kuwi mung kalebu kategori leksikal. Dadi tumrap basa kang ora nduwensi kategori gramatikal (perangan gramatikal) kanggo ngandharake tengara wayah bisa nggunakake adverbia wektu utawa perangan leksikal. Lumantar buku asesirah *Language, Thought, and Reality* (1956), Whorf (sajrone Hoed, 1992:16) ngandharake yen saben basa kuwi dhasare mesthi ngertenin cara kanggo ngandharake konsep wektu, nanging cara kanggo ngandharake bab kasebut bedabeda. Babagan iki nuduhake yen ana basa kang ngandharake konsep wektu kanthi gramatikal, ana uga kang ngandharake kanthi leksikal, lan ana uga kang nggunakake kekarone.

Jinise Tengara Wayah ing Basa Jawa

Adhedhasar wujude, tengara wayah ing basa Jawa diperang dadi loro, yaiku tengara wayah arupa perangan leksikal lan tengara wayah arupa perangan gramatikal. Andharan ngenani bab kasebut kacethakake ing ngisor iki.

Tengara Wayah Arupa Perangan Leksikal

Tengara wayah arupa perangan leksikal kuwi kaperang dadi loro, yaiku perangan leksikal kang bisa dadi tengara wayah lan perangan leksikal kang ora bisa dadi tengara wayah. Perangan leksikal kang bisa dadi tengara wayah sesambungan karo perkara wis kelakon lan durung kelakone sawijine tumindak utawa kedadeyan. Lyons (1995:307) ngandharake yen perangan leksikal iku minangka piranti kanggo ngandharake rampunge sawijine kedadeyan. Kelakon lan durung kelakone sawijine tumindak bisa dingertenin adhedhasar konteks ukara sanajan kadhang kala uga diandharake sajrone wujud leksikal tartamtu. Dene Samsuri sajrone bukune *Tata Kalimat Bahasa Indonesia* (1985) ngandharake yen perangan leksikal minangka perangan kang dadi panggathuk sajrone ukara kang nyethakake wasesane ukara. Samsuri (1985:416) uga ngandhakake yen basa Indonesia

nggunakake saperangan tembung kanggo ngandharake kedadeyan ing kahanan wis rampung, lagi dumadi, lan bakal dumadi. Bab iki ngemu teges yen basa Indonesia kuwi nggunakake perangan leksikal kanggo ngandharake kedadeyan tartamtu.

Kridalaksana (2005:85) ngandhakake yen adverbia minangka panandha perangan leksikal tengara wayah, yaiku lagi, isih, tau, wis, wiwit, lsp. Dene Wedhawati (2001:134-135) ngandhakake yen frase verbal kang ngandharake makna bakal dumadi bisa diandharake lumantar ‘arep’, ‘bakal’, lan ‘meh’. Dene frase verbal kang ngandharake makna wis dumadi bisa diandharake lumantar ‘mentas’, ‘lagi wae’, ‘bar’, ‘bubar’, ‘rampung’, ‘wis’, lan ‘entas wae’. Banjur frase verbal kang ngandharake makna lagi dumadi bisa diandharake lumantar ‘lagi’, ‘isih’, ‘nengahi’, ‘nedheng-nedhenge’, lan ‘tengah-tengahe’. Saliyane kuwi, Wedhawati uga ngandharake preposisi wektu kang ngandharake wektu kepungkur yaiku awit, wiwit, kawit, wit, kit kang biyasane dibarengi wektu kepungkur ‘wingi’, ‘mau’, lsp. Saliyane kuwi uga ana dhek, kala, rikala, nalika kang dibarengi ‘semana’ (2001:331).

Saliyane kuwi, Sumarlam (2004:48) ngandhakake yen adhedhasar maknane, perangan leksikal ing basa Jawa diperang dadi limalas, yaiku (1) perangan leksikal *inkoatif* (wiwit, lekas), (2) perangan leksikal *ingresif* (wis, wiwit), (3) perangan leksikal *progresif* (lagi, pinuju), (4) perangan leksikal *terminatif* (bubar, nganti), (5) perangan leksikal *semelfaktif* (ujug-ujug, sanalika, ngerti-ngerti, lsp), (6) perangan leksikal *iteratif* (kerep, tansah, lsp), (7) perangan leksikal *habituatif* (biyasane, adate, kulina, kulinane), (8) perangan leksikal *kontinuatif* (terus-terusan, tetep), (9) perangan leksikal *kompletif* (wis, rampung), (10) perangan leksikal *duratif* (sedhela, sawetara wektu, sajam, sasuwene), (11) perangan leksikal *intensif* (terus-terusan, tanpa kendhat), (12) perangan leksikal *atenuatif* (lungguh-lungguh, ngombe-ngombe), (13) perangan leksikal *diminutif* (isin-isin, mumet-mumet), (14) perangan leksikal *finitif* (batal, wurung), lan (15) perangan leksikal *komitatif* (karo, sinambi). Limalas perangan kang diandharake dening Sumarlam kasebut ana kang bisa dadi tengara wayah lan ana uga kang ora, nanging bab kasebut ora dikandhakake dening Sumarlam.

Tengara Wayah Arupa Perangan Gramatikal

Miturute Comrie (1985:10), tengara wayah kuwi kalebu kategori gramatikal. Andharane Comrie kasebut cundhuk karo panemune Hoed. Hoed (1992:3) ngandhakake yen tengara wayah yaiku piranti kabasan kang nduwensi tugas kanggo ngandharake sawijine kedadeyan kanthi gramatikal sajrone wektu. Dene basa kang ora ngenal tengara wayah (*tenseless language*) anggone ngandharake wektu kabasan nggunakake piranti kabasan saliyane tengara wayah. Saengga ana leksem-leksem utawa adverbial temporal kang nengeri saben-saben wektu dumadine sawijine kedadeyan. Kaya dene wektu kepungkur kang mujudake kedadeyan kang dumadi sadurunge wektu sadurunge pangucapan

bisa ditandhani kanthi leksem-leksem ‘mau’, ‘wingi’, ‘winginane’, ‘dhekemben’, (...) kepungkur’, biyen, lsp. Dene wektu saiki minangka wektu pangucapan ditandhani kanthi leksem ‘saiki’ lan ‘samengko’. Saliyane wektu kepungkur lan wektu saiki ana uga wektu kang bakal tumeka. Wektu kang bakal tumeka iki mujudake wektu sawise pangucapan. Ana ing wektu kang bakal tumeka iki ditandhani dening leksem ‘mengko’, ‘sesuk’, ‘sukemben’, lan ‘besuk’.

Tengara wayah arupa perangan gramatikal bisa diandharake lumantar owah-owahan wujud tembung kriya kanthi rong cara, yaiku (1) lumantar proses afiksasi tanpa nglowiati idhentitas tembung kriya lan (2) lumantar owah-owahan monomorfemis tembung kriya selaras karo *kala*. Ing basa Jawa mung kenal marang cara (1) kaya kang diandharake dening Poerwadarminta (1953:25-9) kaya ing ngisor iki.

Tembung kriya kang ngandharake kahanan kang lagi dumadi (wektu saiki) :

- Tembung kriya monomorfemis (derivasi 0)
- Tembung kriya kanthi ater-ater {a-}
- Tembung kriya kanthi ater-ater anuswara {N-}
- Tembung kriya kanthi seselan {-um-}

Tembung kriya kang ngandharake kahanan kang dumadi ing wayah kepungkur (wektu kepungkur) :

- Tembung kriya kanthi ater-ater {ka-} utawa {ke-}
- Tembung kriya kanthi wuwuhan {ke-/an}
- Tembung kriya kanthi ater-ater {di-}
- Tembung kriya kanthi seselan {-in-}
- Tembung kriya kanthi panambang {-en}

Tembung kriya kang ngandharake kahanan kang dumadi ing wayah bakal tumeka (wektu tembe) :

- Tembung kriya kanthi ater-ater {dak-}
- Tembung kriya kanthi panambang {-a}
- Tembung kriya kanthi panambang {-ana} utawa {-nana}
- Tembung kriya kanthi panambang {-en} utawa {-nen}

Adhedhasar andharan ing ndhuwur bisa diweruhi yen pamerange *kala* utawa *tense* iku dumadi saka telung perangan yaiku wektu kepungkur, wektu saiki, lan wektu kang bakal tumeka. Katelu pamerange wektu kasebut nduweni cara kang beda-beda kanggo ngandharake wektu kedadeyane.

Kerangka Teori

Teori kang digunakake minangka landhesan ing panliten iki yaiku teori transformasi generatif. Andharan kang luwih jangkep ngenani asumsi lan cara kerja teori iki, kaya ing ngisor iki.

Asumsi Teori Transformasi Generatif

Miturut Chomsky sajrone Parera (2009:99) tata basa sajrone Transformasi Generatif kuwi metu saka metodhe kerja rasionalitas lan nguji hipotesis-hipotesis sajrone empiris basa tartamtu. Chomsky banjur ngandharake anane postulat kang sabanjure diarani postulat Chomsky. Postulat kang kapisan yaiku beda antarane competence performance, antarane dhata warisan lan seserepan ngenani basa lan kabasan

anggone nggunakake dhata. Kapindho yaiku bedane struktur batin (*deep structure*) lan struktur lair (*surface structure*). Bedane struktur batin lan struktur lair iki ngasilake tata carane tata basa kang ndhasarake marang telung komponen, katelune yaiku komponen sintaktis, fonologis, lan semantis. Katelu yaiku aspek kreatipe basa utawa wateg dhinamise basa. Postulat kaloro saka katelu postulat ing ndhuwur nuduhake cara kerja sajrone teori Transformasi Generatif.

Miturut andharane Adipitoyo (2002:4) teori Transformasi Generatif nduwe paradigma, yaiku (1) Sintaksis gandheng karo ukara lan tuturan kang bisa diresepi dening indrane manungsa minangka struktur sanjabane basa (*surface structure*), (2) sajrone struktur batin (*deep structure*) ana sesambungan semantis lan sesambungan sistemik, lan (3) adhedhasar anane struktur batin kuwi, banjur struktur batin kasebut diandharake adhedhasar aspek wujud, guna, lan kalungguhan. Katelu aspek kasebut banjur sinebut triaspek sintaktis.

Cara Kerjane Teori Transformasi Generatif

Cara kerjane teori transformasi generatif adhedhasar asumsi sing wis diandharake mau. Cara kerjane mesthi nduweni tata laku, yaiku pangolongan wujud, pangisine guna, lan pangertene kalungguhan sing bisa dinggoni saben wujud. Cara kerja kang kaya mangkono kuwi adhedhasar aspek wujud, guna, lan kalungguhan.

METODHE PANLITEN

Titikane Panliten

Titikane panliten sajrone panliten iki diperang dadi 2, yaiku ancangane panliten sarta jinis lan sifat panliten.

Ancangan Panliten

Panliten iki nggunakake objek ukara-ukara kang ngemu perangan leksikal lan perangan gramatikal kang bisa dadi tengara wayah ing basa Jawa. Dene kanggo nliti objek panliten iki digunakake metodhe agih (Sudaryanto, 1993:15) utawa dhistribusional (Djajasudarma, 1993:58). Metodhe agih utawa distribusional yaiku metodhe analisis dhata nggunakake perangan saka basa iku dhewe kang dadi perangan kang nemtokake analisis (Sudaryanto, 1993:15). Metodhe dhistribusional digunakake kanggo njlentrehake wujud lan guna tengara wayah ing basa Jawa.

Dene analisis kang dinggo sajrone panliten iki yaiku analisis sintakmantik (sintaksis-semantik). Analisis sintakmantik iki munjerake analisis ing struktur lair lan struktur batin. Sintaktis munjer ana ing tuturan kang bisa ditampa dening panca ndriyane manungsa minangka struktur lair adhedhasar struktur batin. Mula struktur dianalisis adhedhasar aspek wujud, guna, lan kalungguhan.

Jinis lan Sipat Panliten

Panliten ngenani tengara wayah ing basa Jawa iki kalebu ing jinis panliten sinkronis, amarga basa

kang dinggo mujudake basa Jawa ing jaman saiki. Panliten asipat sinkroni, yaiku panliten basa kanthi niti fenomena sawijine basa ing wektu tartamtu (Mahsun, 2005:117). Semono uga panliten iki bakal njlentrehake ngenani tengara wayah ing basa Jawa kang dinggo ing tuturan mangsa saiki.

Panliten linguistik iki asipat dheskriptif. Titikan saka panliten dheskriptif, yaiku nggamarake konstituen-konstituen ujaran lan sesambungane ngenani semantik, sintaksis, lan fonologi, lumrahe uga awujud wujud gramatikal utawa variabel-variabel (Kridalaksana, 2008:47). Titikane nggunakake teori dhasar, konsep dhasar, modhel uga ancangan panliten bab basa kaya umume (Kridalaksana, 2008:18).

Ubarampe Panliten

Ubarampe kang dibutuhake sajrone panliten iki yaiku dhata lan sumber dhata panliten sarta intrumen panliten.

Dhata lan Sumber Dhata Panliten

Sudaryanto (1988:44) mbedakake dhata dadi rong werna, yaiku dhata dhasar lan dhata panyengkuyung. Dhata dhasar yaiku dhata kang dijilentrehake. Dene dhata panyengkuyung kuwi dudu dhata kang dijilentrehake, nanging dhata kang digunakake kanggo nyengkuyung dhata dhasar kang dijilentrehake. Dhata dhasar kang digunakake sajrone panliten iki yaiku dhata-dhata arupa ukara kang ngemu perangan leksikal sarta dhata-dhata kang ngemu perangan gramatikal kang bisa dadi tengara wayah basa Jawa.

Sumber dhata minangka sumber panggon kang dibutuhake dening panliti kanggo njupuk dhata. Anane dhata dhasar kang digunakake sajrone panliten iki dijupuk saka kalawarti Panjebar Semangat minangka sumber dhatane. Saliyane kuwi, sumber dhata sajrone panliten iki dijupuk saka cecaturan kang digunakake masyarakat ing sabedinane saengga nduweni asipat intuitif.

Instrumen Panliten

Instrumen panliten kang digunakake sajrone panliten iki ana loro, yaiku instrumen utama lan instrumen panyengkuyung. Panliti ing panliten iki dadi instrumen utama. Panliti dadi instrumen utama amarga panliti kang nggolek dhata, nganalis dhata, lan nulis panliten iki. Dene instrumen panyengkuyung ing panliten iki awujud piranti kang bisa nyengkuyung anggone panliti nglumpukake dhata. Piranti kuwi awujud cathethan lan piranti kanggo nyathet utawa menehi tandha tumrap dhata.

Metodhe lan Teknik Panliten

Panliten ngenani Tengara Wayah ing Basa Jawa iki nggunakake metodhe lan teknik panliten kang diperang dadi telung cara, yaiku (1) tata cara panglumpuke dhata, (2) tata cara panjlentrehe dhata, lan (3) tata cara panyuguhe asil panjlentrehe dhata (Sudaryanto, 1993:5). Saben tata cara kuwi nduweni ancangan lan teknik dhewe-dhewe. Ancangan lan

teknik mau bakal diandharake kaya mangkene.

Tata Cara Panglumpuke Dhata

Tata cara nglumpukake dhata ing panliten iki, yaiku nggunakake teknik cathet. Teknik cathet yaiku teknik golek dhata kanthi cara nyathet sakabehane dhata kang dibutuhake ing kartu dhata (Mahsun, 2005:131). Luwih jangkep anggone panliti nglumpukake dhata yaiku (1) panliti maca sumber dhata Panjebar Semangat, (2) panliti nyathet ukara kang ngemu perangan leksikal lan perangan gramatikal ing kartu dhata, (3) panliti menehi tandha tumrap ukara-ukara kang ngemu perangan leksikal lan perangan gramatikal, (4) ukara sing wis diklumpukake dipilihili sing paling trep banjur diketig minangka lampiran dhata panliten kanthi menehi nomer urut, perangan leksikal lan perangan gramatikal sajrone dhata dicethak kandel, lan diwenehi katrangan sumber dhatane.

Tata Cara Panjlentrehe Dhata

Tata cara njlentrehake dhata sajrone panliten iki dilakoni kanthi nggunakake metodhe agih (Sudaryanto, 1993:15) utawa dhistribusional (Djajasudarma, 1993:58). Metodhe agih iki nduweni maneka teknik. Maneka teknik sajrone metodhe agih, yaiku *teknik lesap, teknik ganti, teknik perluas, teknik sisip, teknik balik, teknik ubah ujud, lan teknik ulang* (Sudaryanto, 1993:36). Adhedhasar maneka teknik sajrone metodhe dhistribusional, teknik kang dinggo amarga dianggep selaras karo prelune lan tujuwane njlentrehake triaspek sintaktis saka tengara wayah basa Jawa, yaiku teknik *ekspansi* utawa *perluas* lan teknik *sisip*.

(1) Teknik Ngambakake (*Perluas*)

Teknik ngambakake, yaiku teknik njlentrehake dhata kanthi cara ngambakake satuan lingual tartamtu kang dibahas kanthi unsur tartamtu, bisa ngiwa bisa nengen (Sudaryanto, 1993:55).

(2) Teknik Nambahi (*Sisip*)

Teknik nambahi, yaiku teknik njlentrehake dhata kanthi cara nambahi lan nyelipake sawijine unsur utawa satuan basa tartamtu sajrone konstruksi kang dianalisis (Sudaryanto, 1993:36-100). Tuladhane :

Tata Cara Panyuguhe Asil Panjlentrehe Dhata

Kanggo nyuguhake asil saka jlentrehan dhata digunakake cara formal lan informal (Sudaryanto, 1993:144). Cara nyuguhake dhata formal yaiku cara nyuguhake dhata nggunakake tandha-tandha lan lambang-lambang. Tuladhane :

- (1) Tandha asterisk. Tandha asterisk (*) iki digunakake kanggo nuduhake yen ukara iku ora gramatikal utawa ora bisa ditampa.
- (2) Tandha kurung biyasa. Tandha kurung biyasa () iki digunakake kanggo ngandharake yen *formatif* kang ana sajrone kurung kasebut nduweni *opsionalitas* tegese bisa dinggo lan bisa uga ora.

Dene cara nyuguhake dhata informal yaiku cara nyuguhake asile dhata kang wis dijilentrehake kanthi cara dheskripsi kang nggunakake tembung-tembung lumrah (Sudaryanto, 1993:145). Tata cara nyuguhake asil panliten iki yaiku kanthi prosedur skripsi kang

sistematis tinulis saka BAB I, BAB II, BAB III, BAB IV, lan BAB V. BAB I PURWAKA Isine; lelandhesan panliten, underan panliten, ancas panliten, paedah panliten, wewatesan tetembungan, lan wewatesan panliten. BAB II TINTINGAN KAPUSTAKAN Isine; panliten sadurunge kang saemper, konsep-konsep ngenani tengara wayah, lan landhesan teori. BAB III METODHE PANLITEN Isine; anangan panliten, sumber dhata lan dhata, teknik panliten kang didadekake telung tahap yaiku cara ngumpulake dhata, cara ngolah dhata, lan cara nulis asile panliten. BAB IV JLENTREHAN DHATA LAN DHIKUSI PANLITEN Isine; jinis tengara wayah ing basa Jawa, tengara wayah arupa perangan leksikal, tengara wayah arupa perangan gramatikal, aseile panliten, lan dhisiki panliten. BAB V Isine dudutan lan pamrayoga.

ASILING PANLITEN

Andharan lan Jlentrehan Dhata

Isine andharan lan jlentrehan dhata iki diperang dadi loro, yaiku tengara wayah arupa perangan leksikal lan tengara wayah arupa perangan gramatikal.

Tengara Wayah Arupa Perangan Leksikal

Tengara wayah arupa perangan leksikal kaperang dadi telu adhedhasar wektu dumadine, yaiku perangan leksikal tengara wayah kepungkur, perangan leksikal tengara wayah saiki, lan perangan leksikal tengara wayah tembe. Andharan ngenani perangan-perangan kasebut kaandharake ing ngisor iki.

1. Perangan Leksikal Tengara Wayah Kepungkur

Perangan leksikal tengara wayah kepungkur mujudake perangan leksikal kang nggamarake kedadeyan kang wis dumadi utawa wis kelakon. Andharan ngenani bab kasebut bisa diandharake lumantar (1) perangan leksikal ‘wis’, (2) perangan leksikal ‘mentas’, (3) perangan leksikal ‘nalika’, (4) perangan leksikal ‘bubar’, lan (5) perangan leksikal ‘lagi wae’.

(1) Perangan Leksikal ‘wis’

Panganggone perangan leksikal ‘wis’ bisa dideleng sajrone dhata ing ngisor iki.

(1)	<u>Aku</u>	<u>wis nrima.</u>	(PS7:CC24:2014)
	TAr	FKr	
	J	W	
	Pnd	Kah	

Dhata (1) kasebut kawangun saka guna J-W. Guna J dituduhake lumantar konstituen *aku*. Konstituen *aku* nduweni wujud TAr amarga mujudake paraga kang nandhang kahanan kang sinebut ing wasesane ukara. Dene kalungguhane konstituen kasebut yaiku Pnd. Guna W diisi dening konstituen *wis nrima*. Konstituen *wis nrima* nduweni wujud FKr amarga dumadi saka tembung *wis* lan *nrima* sarta nuduhake kahanan kang disandhang dening manungsa. Konstituen *wis nrima* kasebut nduweni kalungguhan Kah.

Supaya bisa ngerten yen guna W kang karakteran perangan leksikal ‘wis’ bisa nuduhake tengara wayah, mula kudu diowahi luwih dhisik dhapur sintaktise ukara kanthi perangan leksikal ‘wis’ kasebut.

(1a) Aku nrima.

TAr	TKr
J	W
Pnd	Sol

Adhedhasar (1a), konstruksi ukara tanpa perangan leksikal ‘wis’ kasebut tetep nuduhake J-W. Konstituen *wis nrima* kang owah dadi *nrima* kasebut tetep nuduhake guna W. Bedane yaiku manggon ing wujud lan kalungguhane. Nalika ora karakteran perangan leksikal ‘wis’, konstituen *nrima* nduweni wujud TKr amarga nuduhake anane kahanan kang disandhang dening jejere ukara. Konstituen *nrima* kasebut nduweni kalungguhan Sol.

Anane perangan kang beda kang manggon ing wujud lan kalungguhan iki ndadekake makna kang kinandhut sajrone ukara kasebut uga beda, yaiku konstituen kang mawa perangan leksikal ‘wis’ nuduhake kedadeyan kang wis kelakon, dene konstituen kang ora karakteran perangan leksikal ‘wis’ ora nuduhake bab kang kaya mangkono. Bab iki ngemu teges yen konstituen kang ora karakteran perangan leksikal ‘wis’ durung mesthi nuduhake bab wayah kepungkur.

(2) Perangan Leksikal ‘mentas’

Panganggone perangan leksikal ‘mentas’ kasebut bisa dideleng sajrone dhata ing ngisor iki.

(2)	<u>Wiku Lawanta</u>	<u>mentas</u>	<u>omben-omben.</u>
		<u>njaluk</u>	(PS11:CR2:2014)
	FAr	FKr	FAr
	J	W	L
	Pnd	Kah	Pnd

Dhata perangan leksikal ‘mentas’ kasebut dumadi saka konstruksi guna J-W-L. Konstituen kang ngisi guna J, yaiku *Wiku Lawanta* (2) kang dumadi saka FAr lan ngenggoni kalungguhan minangka Pnd. Anane kalungguhan Pnd iki disengkuyung dening anane W kang dumadi saka FKr kanthi kalungguhan Kah, yaiku *mentas njaluk* (2). Panganggone perangan leksikal ‘mentas’ uga dijangkepi klawan L *omben-omben* (2) kang dumadi saka FAr kanthi kalungguhan Pnd. Konstituen kang ngisi guna W kang karakteran perangan leksikal ‘mentas’ bisa diweruhi yen nuduhake tengara wayah kanthi cara ngowahi luwih dhisik dhapur sintaktise ukara kanthi perangan leksikal ‘mentas’ kasebut kaya ing ngisor iki.

(2a) Wiku Lawanta njaluk omben-omben.

FAr	TKr	FAr
J	W	L
Pnd	Sol	Pnd

Adhedhasar (2a), konstruksi ukara tanpa perangan leksikal ‘mentas’ kasebut tetep nuduhake J-W-L. Konstituen *mentas njaluk* (2) kang owah dadi *njaluk* (2a) tetep nuduhake guna W. Bedane yaiku manggon ing wujude. Nalika ora karaketan perangan leksikal ‘mentas’, konstituen *njaluk* lan *nyunggi* nduweni wujud TKr amarga nuduhake tumindak kang ditindakake dening jejere ukara. Saliyane kuwi, kalungguhane W uga beda. Bedane yaiku owah dadi Sol.

Anane perangan kang beda kang manggon ing wujud lan kalungguhan iki ndadekake makna kang kinandhut sajrone ukara kasebut uga beda, yaiku konstituen kang mawa perangan leksikal ‘mentas’ nuduhake kedadeyan kang wis kelakon, dene konstituen kang ora karaketan perangan leksikal ‘mentas’ durung mesthi nuduhake bab kang kaya mangkono. Bab iki ngemu teges yen konstituen kang ora karaketan perangan leksikal ‘mentas’ durung mesthi nuduhake bab wayah kepungkur.

(3) Perangan Leksikal ‘nalika’

Panganggone perangan leksikal ‘nalika’ kasebut bisa dideleng sajrone dhata ing ngisor iki.

(3)	<u>Miturut pamikiranku</u>	<u>nalika semana</u>	<u>ibuku</u>	<u>cerewet banget.</u>
				(PS7:CC2 3:2014)
	FAr J Pnd	FKat K Wkt	TAr L Pnd	FKh W Kah

Dhata (3) ing ndhuwur mujudake panganggone perangan leksikal ‘nalika’. Ukara kasebut dumadi saka konstruksi guna J-K-L-W. Ing dhata (3) anane guna J dituduhake lumantar FAr *miturut pamikiranku* kang ngenggoni kalungguhan Pnd. Banjur *nalika semana* mujudake guna K kang dumadi saka FKat lan ngenggoni kalungguhan Wkt. Anane kalungguhan Wkt iki negesake yen wektu dumadine kedadeyan iku ing wayah kepungkur. Wayah kepungkur kang dumadi sajrone ukara (3) kasebut mujudake wektu kang ora tinamtu amarga dicethakake kanthi anane tembung ‘semana’ kang mapan ing mburine perangan leksikal ‘nalika’. Dene anane L dicethakake lumantar *ibuku* (3) kang dumadi saka TAr kanthi kalungguhan Pnd. Anane kahanan kang disandhang dening L kasebut dicethakake lumantar *cerewet banget* kang dumadi saka FKh kanthi kalungguhan W. Anane kahanan kang disandhang dening lesane ukara kasebut wis dumadi ing pamikirane si aku ing wektu semana. Bab iki ngemu teges yen kedadeyan kang wis dumadi ing wektu nalika semana mujudake andharan ngenani kedadeyan wayah kepungkur.

(4) Perangan Leksikal ‘bubar’

Panganggone perangan leksikal ‘bubar’ kasebut bisa dideleng sajrone dhata ing ngisor iki.

(4)	<u>Bubar mangan</u>	<u>aku</u>	<u>langsung adus.</u>
	FKr	TAr	FKr
	W	J	W
	Kah	Par	Sol

Dhata ngenani perangan leksikal ‘bubar’ kasebut dumadi saka konstruksi guna W-J-W. Konstituen kang ngisi guna J, yaiku *aku* (4) dumadi saka TAr lan ngenggoni kalungguhan Par. Anane kalungguhan Par iki disengkuyung dening anane W kanthi kalungguhan Sol. Wasesa kanthi kalungguhan Sol kasebut yaiku *langsung adus*. Dene perangan leksikal ‘bubar’ dumadi saka FKr kanthi kalungguhan Kah, yaiku *bubar mangan*. Anane rong wasesa sajrone saukara iki dijalari amarga panganggone perangan leksikal ‘bubar’ majibake anane rong tumindak, yaiku tumindak kang kapisan minangka tumindak kang dilakoni ing wiwitan lan tumindak kang kapindho minangka tumindak bacutan saka tumindak kang wiwitan sajrone wektu kang cedhak. Sejatine panganggone perangan leksikal ‘bubar’ ora beda klawan perangan leksikal ‘wis’, perangan leksikal ‘mentas’, lan perangan leksikal ‘nalika’, yaiku padha-padha nuduhake kahanan utawa kedadeyan kang dumadi kanthi jangkep ing wektu kepungkur. Tembung *bubar* kang mujudake perangan leksikal ‘bubar’ iki nalika ngraketi wasesa mapane ana ing ngarepe wasesa.

Supaya bisa ngerti yen guna W kang karaketan perangan leksikal ‘bubar’ bisa nuduhake tengara wayah, mula kudu diowahi luwih dhisik dhapur sintaktise ukara kanthi perangan leksikal ‘bubar’ kasebut kanthi cara ndadekake ukara sajrone (4) dadi ukara-ukara tunggal kaya ing ngisor iki.

(4a)	<u>Aku</u>	<u>bubar mangan.</u>
	TAr	FKr
	J	W
	Pnd	Kah

(4b)	<u>Aku</u>	<u>langsung adus.</u>
	TAr	FKr
	J	W
	Par	Sol

Adhedhasar (4a) lan (4b) diweruhi yen guna J diisi dening TAr *aku* kang nduweni kalungguhan kang beda. Ing (4a), guna J nduweni kalungguhan Pnd. Anane kalungguhan Pnd iki dijalari karana anane guna W kang dumadi saka FKr *bubar mangan* nduweni kalungguhan Kah. Dene ing (4b), guna J nduweni kalungguhan Par. Anane kalungguhan Par iki dijalari karana anane guna W kang dumadi saka FKr *langsung adus* nduweni kalungguhan Sol. Anane kalungguhan kang ana sajrone J bisa ngowahi makna kang ana sajrone W. Mula, ukara kang mawa perangan leksikal ‘bubar’ kang nduweni kalungguhan Kah bisa nuduhake anane kedadeyan kang dumadi ing wektu kepungkur. Bab iki dijalari karana wasesa kang nduweni kalungguhan Kah mujudake bab kang wis dumadi.

(5) Perangan Leksikal ‘lagi wae’

Panganggone perangan leksikal ‘lagi wae’ kasebut bisa dideleng sajrone dhata ing ngisor iki.

<u>(5) Har</u>	<u>lagi wae</u>	<u>clanane</u>	<u>sing kena regedan.</u>
TAr	FKr	TAr	FKat
J	W	L	K
Pnd	Kah	Pnd	Kat

Dhata ngenani perangan leksikal ‘lagi wae’ kasebut dumadi saka konstruksi guna J-W-L-K. Konstituen kang ngisi guna J, yaiku *Har* (5) kanthi wujud TAr lan ngenggoni kalungguhan Pnd. Anane kalungguhan Pnd iki disengkuyung dening guna W kanthi wujud FKr lan ngenggoni kalungguhan Kah. Guna W kanthi kalungguhan Kah kasebut dicethakake lumantar *lagi wae ngumbah* (5). Dene guna L dicethakake lumantar *clanane* (30) kang dumadi saka TAR kanthi kalungguhan Pnd. Saliyane kuwi, ukara kasebut uga dijangkepi karo guna K *sing kena regedan* (5). Konstituen kang ngisi guna W kang karaketan perangan leksikal ‘lagi wae’ bisa diweruhi yen nuduhake tengara wayah kanthi cara ngowahi luwih dhisik dhapur sintaktise ukara kanthi perangan leksikal ‘lagi wae’ kasebut kaya ing ngisor iki.

<u>(5a) Har</u>	<u>ngumbah</u>	<u>clanane</u>	<u>sing kena regedan.</u>
TAr	TKr	TAr	FKat
J	W	L	K
Par	Sol	Pnd	Kat

Adhedhasar (5a), konstruksi ukara tanpa perangan leksikal ‘lagi wae’ kasebut tetep nuduhake J-W-L-K. Konstituen *lagi wae ngumbah* (5) kang owah dadi *ngumbah* (5a) tetep nuduhake guna W. Bedane yaiku manggon ing wujud lan kalungguhane. Nalika ora karaketan perangan leksikal ‘lagi wae’, konstituen *ngumbah* (5a) nduwensi wujud TKr amarga nuduhake anane tumindak lan owah dadi ngenggoni kalungguhan Sol. Anane bab kang beda kang manggon ing wujud lan kalungguhan iki ndadekake makna kang kinandhut sajrone ukara kasebut uga beda, yaiku konstituen kang mawa perangan leksikal ‘lagi wae’ nuduhake kedadeyan kang wis kelakon, dene konstituen kang ora karaketan perangan leksikal ‘wis’ ora nuduhake bab kang kaya mangkono. Bab iki ngemu teges yen konstituen kang ora karaketan perangan leksikal ‘wis’ durung mesthi nuduhake bab wayah kepungkur.

2. Perangan Leksikal Tengara Wayah Saiki

Perangan leksikal tengara wayah saiki mujudake perangan leksikal kang nggambareke kedadeyan kang lagi dumadi utawa lagi lumaku ing wayah saiki. Andharan ngenani bab kasebut bisa diandharake lumantar (1) perangan leksikal ‘lagi’, (2) perangan leksikal ‘isih’, (3) perangan leksikal ‘nedheng-nedhenge’, lan (4) panandha leksikal zero ()

(1) Perangan Leksikal ‘lagi’

Saliyane bisa dadi tengara wayah kepungkur, ana uga perangan leksikal liya kang bisa dadi tengara wayah saiki. Bab kasebut bisa dideleng sajrone dhata ing ngisor iki.

<u>(6) Kunthi</u>	<u>lagi marani</u>	<u>sisisihane.</u>
TAr	FKr	TAr
J	W	L
Smb	Pros	Pnam

Dhata (6) kasebut nuduhake panganggone perangan leksikal ‘lagi’. Dhata kasebut dumadi saka konstruksi guna J-W-L. Konstituen kang ngisi guna J dituduhake lumantar *Kunthi* (6) kang nduwensi wujud TAr lan ngenggoni kalungguhan Smb. Anane konstituen kang ngisi guna J iki dijalari karana konstituen iki nduwensi wujud TAr lan mapane ana ing sisih kiwane W. Dene guna W dicethakake lumantar *lagi marani* (6) kang nduwensi wujud FKr lan ngenggoni kalungguhan Pros. Dhata (6) iki uga dijangkepi karo guna L *sisisihane* kang nduwensi wujud TAr lan ngenggoni kalungguhan Pnam. Anane konstituen kang ngisi guna W kang karaketan perangan leksikal ‘lagi’ bisa diweruhi yen nuduhake tengara wayah kanthi cara ngowahi luwih dhisik dhapur sintaktise ukara kanthi perangan leksikal ‘lagi’ kasebut kaya ing ngisor iki.

<u>(6a) Kunthi</u>	<u>marani</u>	<u>sisisihane.</u>
TAr	TKr	TAr
J	W	L
Par	Sol	Pnam

Adhedhasar (6a), konstruksi ukara tanpa perangan leksikal ‘lagi’ kasebut tetep nuduhake J-W-L. Konstituen *lagi marani* (6) kang owah dadi *marani* (6a) kasebut tetep nuduhake guna W. Bedane yaiku manggon ing wujude. Nalika ora karaketan perangan leksikal ‘lagi’, konstituen *marani* nduwensi wujud TKr amarga nuduhake tumindak kang ditindakake dening jejere ukara. Saliyane kuwi, kalungguhane W uga beda. Bedane yaiku owah dadi Sol. Saliyane owah-owahan kang dituduhake guna W, sajrone guna J uga nuduhake anane owah-owahan. Owah-owahan kasebut manggon ing kalungguhane yaiku dadi Par. Anane kalungguhan Par iki dijalari anane W kang ngenggoni kalungguhan Sol. Anane bab kang beda kang manggon ing wujud lan kalungguhan iki ndadekake makna kang kinandhut sajrone ukara kasebut uga beda, yaiku konstituen kang mawa perangan leksikal ‘lagi’ nuduhake kedadeyan kang lagi dumadi utawa sajrone proses (*prosesual*), dene konstituen kang ora karaketan perangan leksikal ‘lagi’ durung mesthi nuduhake bab kang kaya mangkono. Bab iki ngemu teges yen konstituen kang ora karaketan perangan leksikal ‘lagi’ durung mesthi nuduhake bab wayah saiki.

3. Perangan Leksikal Tengara Wayah Tembe

Perangan leksikal tengara wayah tembe mujudake perangan leksikal kang nggambareke

kedadeyan kang durung dumadi utawa durung kelakon. Andharan ngenani bab kasebut bisa diandharake lumantar (1) perangan leksikal ‘arep’, (2) perangan leksikal ‘bakal’, (3) perangan leksikal ‘durung’, lan (4) perangan leksikal ‘meh’.

(1) Perangan Leksikal ‘bakal’

Panganggone perangan leksikal ‘bakal’ iki meh padha kaya perangan leksikal ‘arep’, yaiku padha padha mujudake perangan leksikal kang nggambarkerake kedadeyan kang arep kelakon. Bab kasebut bisa dideleg sajrone dhata ing ngisor iki.

(7)	Aku	<u>bakal</u>	<u>konveksi.</u>
		<u>ngedegake</u>	(PS15:CS20:2014)
TAr		FKr	TAr
J		W	L
Par		Sol	Pnd

Dhata (7) kasebut mujudake panganggone perangan leksikal ‘bakal’ sajrone ukara. Tembung *bakal* kang mujudake perangan leksikal ‘bakal’ iki nalika ngraketi wasesa mapane ana ing ngarepe wasesa. Anane tembung ‘bakal’ kang rumaket klawan wasesane ukara nuduhake yen tumindak kang sinebut ing wasesane ukara durung dumadi lan isih arep dumadi. Bab kasebut negesake yen jejere ukara, yaiku *aku* (7) kang dumadi saka TAr kanthi kalungguhan Par bakal nindakake pakaryan kaya kang sinebut ing wasesane ukara ing wektu arep tumeka. Anane wasesa kang mawa perangan leksikal ‘bakal’ dijangkepi karo lesan *konveksi* kang mujudake TAr kanthi kalungguhan Pnd. Anane jejer kang bakal nindakake tumindak kaya kang sinebut ing wasesane ukara dijalari karana wasesane ukara, yaiku *bakal ngedegakake* mujudake FKr kanthi kalungguhan Sol.

Supaya bisa menehi bukti yen guna W kang karaketan perangan leksikal ‘bakal’ bisa nuduhake tengara wayah, mula kudu diowahi luwih dhisik dhapur sintaktise ukara kanthi perangan leksikal ‘bakal’ kasebut.

(7a)	Aku	<u>ngedegake</u>	<u>konveksi.</u>
TAr		TKr	TAr
J		W	L
Par		Sol	Pnd

Adhedhasar (7a), konstruksi ukara tanpa perangan leksikal ‘bakal’ kasebut tetep nuduhake J-W-L. Konstituen *bakal ngedegake* (7) kang owah dadi *ngedegake* (7a) kasebut tetep nuduhake guna W. Bedane yaiku manggon ing wujude. Nalika ora karaketan perangan leksikal ‘bakal’, konstituen *ngedegake* (7a) nduweni wujud TKr amarga nindakake pakaryan. Saliyane kuwi, ora ana bab kang beda. Anane pambeda kang manggon ing wujud iki ndadekake makna kang kinandhut sajrone ukara kasebut uga beda, yaiku konstituen kang mawa perangan leksikal ‘bakal’ nuduhake kedadeyan kang arep dumadi utawa durung kelakon, dene konstituen kang ora karaketan perangan leksikal ‘bakal’ durung mesthi nuduhake bab kang kaya

mangkono. Bab iki ngemu teges yen konstituen kang ora karaketan perangan leksikal ‘bakal’ durung mesthi nuduhake bab wayah arep tumeka.

Tengara Wayah Arupa Perangan Gramatikal

Adhedhasar wektu dumadine, tengara wayah arupa perangan gramatikal diperang dadi telu, ing antarane yaiku (1) perangan gramatikal tengara wayah kepungkur, (2) perangan gramatikal tengara wayah saiki, lan (3) perangan gramatikal tengara wayah tembe. Andharan ngenani perangan-perangan kasebut kaandharake ing ngisor iki.

1. Perangan Gramatikal Tengara Wayah Kepungkur

Perangan gramatikal tengara wayah kepungkur mujudake perangan gramatikal kang nggambarkerake kedadeyan kang wis dumadi utawa wis kelakon ing wayah kepungkur. Andharan ngenani bab kasebut bisa diandharake lumantar (1) perangan gramatikal ater-ater {ka-}, (2) perangan gramatikal ater-ater {ke}, (3) perangan gramatikal wuwuhan {ke/-an}, lan (4) perangan gramatikal seselan {-in-}.

(1) Perangan Gramatikal Ater-ater {ke-}

Anane perangan gramatikal ater-ater {ke-} kang bisa dadi tengara wayah kepungkur bisa diweruhi lumantar andharan dhata ing ngisor iki.

(8)	Dheweke	<u>kepengin</u>	<u>kawruh basa Jawa bisa diregem kanthi mirungan.</u>
			(PS11:CS42:2014)
TAr		TKr	FAr
J		W	Ge
Par		Kah	Pnd

Dhata (8) mujudake ukara kang dumadi saka guna J-W-Ge. Ing dhata (8) kasebut, anane guna jejer dituduhake lumantar *dheweke* kang mujudake TAr lan ngenggoni kalungguhan Pnd. Dene wasesane ukara dicethakake lumantar *kepengin* (8) kanthi kalungguhan kahanan, lan *kawruh basa Jawa bisa diregem kanthi mirungan* (8) minangka geganep kanthi kalungguhan Pnd.

Tembung kriya *kepengin* (8) mujudake wasesa kang ngandharake kahanan kang dumadi tanpa sengaja ing wayah kepungkur. Anane tembung kriya kasebut bisa dadi tengara wayah yaiku nalika dibuktekake sajrone ukara ing ngisor iki.

(8a)	Dheweke	<u>wis kepengin</u>	<u>kawruh basa Jawa bisa diregem kanthi mirungan</u>
	J	W	Ge

Dhata (8a) kasebut nuduhake panganggone perangan leksikal ‘wis’ kang ngraketi perangan gramatikal ater-ater {ke-}. Anane perangan leksikal ‘wis’ kasebut nuduhake kedadeyan kang wis dumadi

kanthi jangkep. Panganggone perangan leksikal ‘wis’ kang ngraketi perangan gramatikal ater-ater {ke-} nuwuhake bab kang gumathok. Bab kasebut dijalari amarga wasesa *kepengin* (8) mujudake kahanan utawa kedadeyan kang dumadi tanpa sengaja sadurunge wektu pangucapan. Dene panganggone perangan leksikal ‘wis’ sajrone dhata kasebut tansaya nyengkuyung anane wasesa kanthi ater-ater {ke-} bisa dadi tengara wayah kepungkur. Dadi, wasesa kanthi ater-ater {ke-} bisa nuwuhake bab kang trep nalika karaketan perangan leksikal ‘wis’. Bab iki nuwuhake dudutan yen wasesa kanthi ater-ater {ke-} bisa dadi tengara wayah kepungkur amarga mujudake kedadeyan kang wis kelakon.

2. Perangan Gramatikal Tengara Wayah Saiki

Perangan gramatikal tengara wayah saiki mujudake perangan gramatikal kang nggambareake kedadeyan kang lagi dumadi utawa lagi lumaku ing wayah saiki. Andharan ngenani bab kasebut bisa diandharake lumantar (1) perangan gramatikal ater-ater {a-} lan (2) perangan gramatikal seselan {-um-}.

(2) Perangan Gramatikal Ater-ater {a-}

Anane perangan gramatikal ater-ater {a-} kang bisa dadi tengara wayah saiki bisa diweruhi lumantar andharan dhata ing ngisor iki.

(9) <u>Dheweke</u>	<u>abebed</u>	<u>jarit.</u>	(PS7:CR51:2014)
TA	TK	TAr	
J	W	L	
Pnd	Sol	Pnd	

Dhata (9) kasebut dumadi saka konstruksi guna J-W-L. konstituen kang ngisi kalungguhan minangka jejer, yaiku *dheweke* kang dumadi saka tembung aran kanthi kalungguhan panandhang. Wasesane ukara yaiku *abebed* dumadi saka perangan gramatikal ater-ater {a-} kang ngenggoni kalungguhan tanduk. Dene lesane ukara dicethakake lumantar *jarit* kang dumadi saka tembung aran kanthi kalungguhan panandhang. Anane panganggone perangan gramatikal ater-ater {a-} kang bisa dadi tengara wayah bisa dideleng sajrone ukara ing ngisor iki.

(9a) <u>Dheweke</u>	<u>wis abebed</u>	<u>jarit</u>
J	W	L
(9b) <u>Dheweke</u>	<u>lagi abebed</u>	<u>jarit</u>
J	W	L
(9c) <u>Dheweke</u>	<u>arep abebed</u>	<u>jarit</u>
J	W	L

Ukara (9a) kasebut nuduhake panganggone perangan gramatikal ater-ater {a-} kang diraketi perangan leksikal ‘wis’. Dene dhata (9b) nuduhake panganggone perangan gramatikal ater-ater {a-} kang diraketi perangan leksikal ‘lagi’. Lan dhata (9c) nuduhake panganggone perangan gramatikal ater-ater

{a-} kang diraketi perangan leksikal ‘arep’. Anane telung perangan leksikal kang ngraketi perangan gramatikal ater-ater {a-} nuduhake yen sing paling trep yaiku panganggone perangan leksikal ‘lagi’ kang ngraketi perangan gramatikal ater-ater {a-} (ukara 9b). Sejatine tanpa anane panandha perangan leksikal kang ngraketi, wasesa ater-ater {a-} kasebut wis nuduhuhake anane kahanan utawa kedadeyan kang lagi lumaku ing wayah saiki. Adhedhasar andharan kasebut, bisa diweruhi yen perangan gramatikal ater-ater {a-} pancen bisa dadi tengara wayah lan anane panandha perangan leksikal ‘lagi’ tansaya nyengkuyung bab kasebut.

3. Perangan Gramatikal Tengara Wayah Tembe

Perangan gramatikal tengara wayah tembe mujudake perangan gramatikal kang nggambareake kedadeyan kang durung dumadi utawa arep dumadi ing wektu arep tumeka. Andharan ngenani bab kasebut bisa diandharake lumantar (1) perangan gramatikal {dak-}, (2) perangan gramatikal panambang {-a}, (3) perangan gramatikal panambang {-ana}, lan (4) perangan gramatikal panambang {-en}.

(3) Perangan Gramatikal Panambang {-en}

Anane perangan gramatikal panambang {-en} kang bisa dadi tengara wayah tembe bisa diweruhi lumantar andharan dhata ing ngisor iki.

(10) <u>Perkara kaya ngono kuwi</u>	<u>pikiren lan nalaren.</u>
(PS18:CS19:2014)	
FKat	FKr
Ge	W
Pnd	Sol

Dhata (10) kasebut mujudake panganggone wasesa kanthi perangan gramatikal panambang {-en} sajrone ukara. Ukara kasebut dumadi saka konstruksi guna Ge-W. Konstituen kang ngisi guna minangka jejer sajrone dhata kasebut pancen didhelikake amarga ukara kasebut kalebu ukara kang ngemu surasa pakon. Dene *perkara kaya ngono kuwi* (10) kang dumadi saka tembung panggawe kanthi kalungguhan panandhang kasebut mujudake gegane. *Pikiren lan nalaren* (10) minangka wasesa kang ngenggoni kalungguhan Sol kang kudu ditindakake.

Ukara kang mawa wasesa kanthi perangan gramatikal panambang {-en} kasebut mujudake ukara kang ngemu surasa pakon, saengga wujud ukara kasebut ngandharake kedadeyan kang durung dumadi lan bisa wae dumadi ing wayah arep tumeka. Anane ukara kang ngemu surasa pakon kaya mangkono ora kena diraketi perangan leksikal kaya dene perangan leksikal ‘wis’, perangan leksikal ‘lagi’, lan perangan leksikal ‘arep’. Kanggo mbuktekake kadhar *kewaktuan* ukara kang mawa perangan gramatikal panambang {-en} kasebut bisa digunakake panandha wektu kaya ing ngisor iki.

(10a) <u>Perkara kaya ngono</u>	<u>pikiren lan</u>	<u>wingi</u>
<u>kuwi</u>	<u>nalaren</u>	K
L	W	

(10b) Perkara kaya ngono	<i>pikiren lan saiki</i>	
kuwi	<i>nalaren</i>	K

L W K

(10c) Perkara kaya ngono	<i>pikiren lan sesuk</i>	
kuwi	<i>nalaren</i>	K

L W K

Adhedhasar pratelan ukara-ukara ing ndhuwur, bisa diweruhi yen wasesa kang mawa perangan gramatikal panambang {-en} nalika karaketan panandha wektu kepungkur ‘wingi’ mujudake kedadeyan kepungkur utawa kedadeyan kang kudune kelakon nanging durung kelakon. Bab iki dijalari karana ukara kang ngemu surasa pakon iku mujudake kedadeyan kang durung dumadi, dene panandha wektu kepungkur ing kono mujudake kedadeyan kang wis dumadi. Dene nalika karaketan panandha wektu saiki, ukara kanthi wasesa kang mawa perangan gramatikal panambang {-en} uga mujudake kedadeyan kang durung dumadi lan kudu dilaksanakake ing wektu saiki. Anane bab kang kaya mangkene dijalari amarga ukara kang ngemu surasa pakon kasebut durung kelakon, dene anane panandha wektu saiki mujudake kedadeyan kang lagi lumaku ing wayah saiki. Anane panandha wektu saiki kasebut ndadekake kedadeyan kang durung kelakon nanging bisa kelakon. Bab iki dijalari amarga kedadeyane kasebut bakal dumadi ing wayah saiki, mula ana kemungkinan yen kedadeyan kasebut bakal kelakon. Dene nalika karaketan panandha wektu arep tumeka, wasesane ukara kang mawa perangan gramatikal panambang {-en} iki mujudake bab kang bisa trep. Anane bab kang gumathok iki dijalari karana ukara mawa perangan gramatikal panambang {-en} kasebut mujudake kahanan kang durung dumadi, dene panganggone panandha wektu arep tumeka kasebut uga mujudake bab kang durung dumadi. Mula saka kuwi, anane panandha wayah arep tumeka kang sumambung klawan ukara mawa perangan gramatikal panambang {-en} mujudake bab kang trep.

PANUTUP Dudutan

Panliten ngenani Tengara Wayah ing Basa Jawa iki ngasilake dudutan yen adhedhasar wujude, tengara wayah ing basa Jawa diperang dadi perangan leksikal lan perangan gramatikal. Dadi ora mung dumadi saka perangan leksikal utawa perangan gramatikal wae. Tengara wayah arupa perangan leksikal kasebut diperang dadi telu adhedhasar wektu dumadine, ing antarane yaiku (1) perangan leksikal tengara wayah kepungkur, (2) perangan leksikal tengara wayah saiki, lan (3) perangan leksikal tengara wayah tembe. Perangan leksikal tengara wayah kepungkur bisa diandharake lumantar (1) perangan leksikal ‘wis’, (2) perangan leksikal ‘mentas’, (3) perangan leksikal ‘nalika’, (4) perangan leksikal ‘bubar’, lan (5) perangan leksikal ‘lagi wae’. Perangan leksikal tengara wayah saiki bisa diandharake lumantar (1) perangan leksikal

‘lagi’, (2) perangan leksikal ‘isih’, (3) perangan leksikal ‘nedheng-nedhenge’, lan (4) panandha leksikal zero (). Dene perangan leksikal tengara wayah tembe bisa diandharake lumantar (1) perangan leksikal ‘arep’, (2) perangan leksikal ‘bakal’, (3) perangan leksikal ‘durung’, lan (4) perangan leksikal ‘meh’.

Saliyane kuwi, tengara wayah arupa perangan gramatikal uga dumadi saka telung perangan adhedhasar wektu dumadine, yaiku (1) perangan gramatikal tengara wayah kepungkur, (2) perangan gramatikal tengara wayah saiki, lan (3) perangan gramatikal tengara wayah tembe. Perangan gramatikal tengara wayah kepungkur kaandharake lumantar (1) perangan gramatikal ater-ater {ka-}, (2) perangan gramatikal ater-ater {ke}, (3) perangan gramatikal wuwuhan {ke/-an}, lan (4) perangan gramatikal seselan {-in-}. Perangan gramatikal tengara wayah saiki bisa kaandharake lumantar (1) perangan gramatikal ater-ater {a-} lan (2) perangan gramatikal seselan {-um-}. Dene perangan gramatikal tengara wayah tembe bisa diandharake lumantar (1) perangan gramatikal {dak-}, (2) perangan gramatikal panambang {-a}, (3) perangan gramatikal panambang {-ana}, lan (4) perangan gramatikal panambang {-en}.

Pamrayoga

Panliten iki isih akeh lupute, mula panliten ngarepake ana panyaru kang asipat mangun supaya panliten sabanjure bisa kasil luwih apik. Saliyane iku panliten uga menehake pamrayoga kango panliten ngenani tengara wayah ing basa Jawa, yaiku (1) isih akeh panliten ngenani tengara wayah ing basa Jawa kanthi lelandhesan perangan leksikal lan gramatikal kang durung ditliti kanthi jero, mligine kango para mahasiswa basa Jawa diajab bisa luwih sregep nindakake panliten ngenani tengara wayah basa Jawa, (2) panliten ngenani tengara wayah basa Jawa sing wis ana, mesthine nduweni lupiter lan kurang, mula diajab ana panliten kang bisa menehi koreksi tumrap asile panliten iki.

KAPUSTAKAN

Adipitoyo, Sugeng. 2013. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa*. Surabaya : Citra Wacana.

Alwi, Hasan, et al. 1993. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Jakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.

Azwar, S. 1998. *Metodologi Penelitian*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar.

Comrie, Bernard. 1985. *Tense*. Cambridge University Press.

Dardjowidjojo, Soenjono. 1987. *Linguistik : Teori dan Terapan*. Jakarta : Lembaga Bahasa Universitas Katolik Atma Jaya.

Djajasudarma, Fatimah. 1993. *Metode Linguistik*

- Ancangan Metode Penelitian dan Kajian. Jakarta: Refika Aditama.
- Frawley, William. 1992. *Linguistic Semantic*. New Jersey : Lawrence Erlbaum Associates.
- Hoed, Benny Hoedoro. 1992. *Kala dalam Novel : Fungsi dan Penerjemahannya*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa: Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta : Raja Grafindo Persada.
- Moeliono, Anton M. 1988. *Tata Bahasa Baku Bahasa Indonesia*. Perum Balai Pustaka
- Padmosoekotjo, S. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya : PT Citra Jaya Murti.
- Parera, Jos Daniel. 1991. *Sintaksis*. Jakarta : PT Gramedia Pustaka Utama.
- Putrayasa, Ida Bagus. 2010. *Analisis Kalimat (Fungsi, Kategori dan Peran)*. Bandung : PT Refika Aditama.
- Sarwono, Jonathan. 2006. *Metode Penelitian Kuantitatif dan Kualitatif*. Yogyakarta : Graha Ilmu.
- Sasangka, Sri Satriya Tjatur W. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta : Yayasan Paramalingua.
- Subagya, Rahmad. 2009. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: Unesa University Press.
- Subroto, D. Edi, dkk. 1994. *Konstruksi Verba Aktif-Pasif dalam Bahasa Jawa*. Jakarta : Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik, Bagian Kedua : Metode dan Aneka Teknik Penggunaan Data*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- _____. 1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa-Jawa*. Yogyakarta : Duta Wacana University Press.
- _____. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa : Pengantar Penelitian Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta : Duta Wacana University Press.
- Sumarlam. 2004. *Aspektualitas Bahasa Jawa : Kajian Morfologi dan Sintaksis*. Surakarta : Pustaka Cakra Surakarta.
- Supono. 1995. "Kala dalam Bahasa Jawa". *Skripsi Program Sarjana Institut Keguruan dan Ilmu Pendidikan Surabaya* (ora diterbitake)
- Tadjuddin, Moh. 2005. *Aspektualitas dalam Kajian Linguistik*. Bandung : PT Alumni.
- Verhaar, J.M.W. 2010. *Asas-asas Linguistik Umum*. Yogyakarta : Gadjah Mada University Press.
- Wedhawati. 2001. *Tata Bahasa Jawa Mutakhir*. Jakarta : Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- www.kbbi.web.id. Kaakses tanggal 9 Maret 2015 tabuh 13.04 WIB
- www.digilib.ump.ac.id. Kaakses tanggal 15 Februari 2015 tabuh 12.45 WIB.

